**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ**
**ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ**
**БУЙРЫҒЫ**

**«Үйде жеке тәртипте оқытыўды**
**шөлкемлестириў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы «Билимлендириў ҳаққында», «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы ҳаққында»ғы «Бала ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында»ғы, «Майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Нызамлары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жылды 15-март күнги «Улыўма орта билим бериў ҳаққындағы Режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 140-санлы, «Улыўма орта хәм орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлиминиң мәмлекетлик тәлим стандартларын тастыйықлаў ҳаққында»ғы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2011-жыл 13-сентябрь күнги «Имканияты шекленген балалар ушын қәнигелестирилген Мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери ҳаққындағы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў туўралы» 256-санлы қарарлары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў ҳәм Ден саўлықты сақлаў министрликлериниң 2019-жыл 18-марттағы «Физикалық ямаса психикалық раўажланыўында кемшилиги болған ҳәм де узақ даўаланыўға мүтәж болған балалардың үйде жеке тәртипте билим алыўын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы Режени тастыйықлаў туўралы» 5СХ ҳәм 73-санлы (Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2019-жыл 2-апрель күни 2691-1-саны менен дизимнен өткен) қарарлары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 27-август күнги «Физикалық ямаса психикалық раўажланыўында кемшилиги болған балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери (мектеп ҳәм мектеп-интернатлары) ҳәмде узақ ўақыт даўаланыўға мүтәж болған балалардың үйде жеке тәртипте билим алыўы ушын 2020-2021-оқыў жылына мөлшерленген таяныш оқыў режелерди тастыйықлаў ҳаққында»ғы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

БУЙЫРАМАН:

1. Республикалық 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесиниң 2021-жыл 23-январь күнги 01-59-санлы хаты орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. 2020-2021-оқыў жылында 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесине Қарақалпақстан Респаубликасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2016-жыл 26-октябрь күнги 126-санлы хуласасы тийкарында 1-классқа қабылланып, бүгинги күнде 6-класста оқып атырған 2007 жыл 11-ноябрь күни Қазақстан Республикасы Алмата ўалаяты Иле районында туўылған Мырзабек Аружан Нурғазы қызы - 2021-жыл 25-январь күнинен баслап, үйинде (Нөкис қаласы “Жапақ бахсы” көшеси 11-жайда) жеке тәртипте билим бериў ушын рухсат берилсин.

3. Республикалық 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемеси (Г.Мамбетназарова)не:

-үйде жеке тәртипте билим алыўшы Мырзабек Аружан Нурғазы қызына тәжирийбели қәниге ҳәм муғаллимлерди бекитиў;

Мырзабек Аружан Нурғазы қызын тийисли оқыў қураллары, сабақлықлар, парта, тахталар менен тәмийинлеў;

-Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинен 2013-жыл 5-март күни 2435-сан менен дизимге алынған, Өзбекстан Республикасы Мийнет хәм халықты социаллық жақтан қорғаў министрлиги, Халық билимлендириў министрлиги, Қаржы министирлиги 2013-жыл 28-январьдағы 5СП, 3, 10-санлы қарарына муўапык муўапық Мырзабек Аружан Нурғазы қызын үйинде оқытатуғын муғаллимлерге белгиленген тәртипте жол ҳақысын төлеў менен тийисли ўазыйпаларды орынлаў тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Тийкары:** Республикалық 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесиниң 2021-жыл 23-январь күнги 01-59-санлы хаты, Нөкис қалалық медицина бирлеспесиниң 2021-жыл 16-январь күнги 7-санлы медициналық жуўмақ ҳәм Қарақалпақстан Респаубликасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2016-жыл 26-октябрь күнги 126-санлы хуласасы.

**Министр** **Р.Реимов**

№ 22

«25» январь 2021-жыл

| QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASİ XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI AQİLİ ZAYİP BALALAR USHİN QÁNIGELESTIRILGEN MÁMLEKETLIK BILIMLENDIRIW MÁKEMESI<br>Xojeli rayonı Taxiatash к. nomersiz jay<br>tel: (8-361) 554-20-13,<br>faкs: 554-20-13,<br>E-mail: res 3int inbox.uz | | QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI AQLI ZAYIF BOLALAR USHUN IXTISOSLASHTIRILGAN DAVLAT TA'LIM MUASSASASI<br>Xojayli tumani. Taxiatosh к. raqamsiz uy<br>tel: (8-361) 554-20-13,<br>faкs: 554-20-13,<br>E-mail: res 3int inbox.uz |
|---|---|---|
| «23» - январь 2021 йил | | 01-59 -санлы |

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри**
**Р.Реймовқа**

Республикалық 3-санлы ақылы-зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемеси (мектеп-интернаты) Сизге, мектеп-интернатымыз оқыўшылары, Қазақстан Республикасы Алмата областының Иле қаласында 2007-жылы 11-ноябрьде туўылған Мырзабекова Аружан Нурғазы қызы мектеп-интернатының Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2016-жыл 26-октябрьдеги 126-санлы жолламасы менен 1-класқа қабыл етилген, ҳәзирги ўақытта 6-класста оқып атырғанлығын мағлыўмат ушын мәлим етип билдиремиз.

Мырзабекова Аружан Нурғазы қызы Нөкис қаласы Жапақ бақсы көшеси 11-үйде жасайды.

Қарақалпақстан Республикасы Ден-саўлық министрлигине қараслы Нөкис қаласы мидециналық бирлеспесининиң 2021-жыл 16-январьдағы 7-санлы ТМК (ВКК) жуўмағы тийкарында 2020-2021-оқыў жылында Мырзабекова Аружанды мектеп-интернатының қәнийге дефектологлары тәрепинен үй шараятында, жеке тәртипте оқытылыўына усыныс етемиз.

*Қосымшада ҳүжжетлер қоса тигиледи.*

**Директор** **Г.Мамбетназарова**

QR XALİQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 87
"23" 01 2021 JİL